Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 50 (7399)
28 Ноябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Эбелалъул Къогун!

Хирияв руччаби! районалъул администрациялъул хІалтІухъабазул, Районалъул Собраниялъул депутатазул, Общественнияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъ баркула нужеда, бищунго кІвар бугеб байрам – эбелалъул Къо!

Эбелалъул Къо гьеб ккола чІужугІаданалдехун бугеб гъваридаб хІурмат-адаб ва гурхІелалъул асар загьир гьабизе щивасе рес бугеб праздник. Къисматалъ кинаб нухдасан нилъ рачаниги, кинал захІмалъаби ва къо хІехьеял гьелъ нилъее сайгъат гьаруниги нилъ балагьун чІун рукІуна нилъее бищунго гІагарай ва хирияй гІадан эбелалъухъ, гьелъул ургъел-агъаз гьаби аслияблъун букІуна щивасе. Гьей йиго бищунго нилъеда ракІ бугей инсан. Эбелалъе бокьула нилъелъ бихьизе кинабго лъикІабщинаб, гьелъ нилъеда ракІалде щвезарула гІумроялъулъ бищунго къиматал жал, хІаракат бахъула нилъ лъикІал, магІна, имам, божизе бегьулел гІадамаллъун гІезариялъе. Унго-унголъун ракІ-ракІалъ нилъер ургъел чІвала гІицІго эбелалда, нилъее битІккунгутІиялъ лъукъула гьелъул ракІ.

РакІ-ракІалъ хІайранлъула нужеда ва нужер лъугІи гьечІеб лъикІлъиялъе гІоло къулула бетІер, лъимадуе гІоло кинабго кьолей эбел.

Хирияв руччаби! гьарула нужее щулияб сахлъи, хъизаналъулаб талихІ, битІккей! Кидаго Дур рокъоб букІине те рекъел ва гІодобе биччай. Праздникгун улбул!

**ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**

## Иргадулаб совещание

27 ноябралда райадминистрациялъул конференц-залалда букІана лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулезул щибаб моцІалъ тІобитІулеб иргадулаб совещание.

Совещаниялда гІахьалъана: муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, социалияв суалазул рахъалъ бетІерасул зам. ГІ-М. МухІамадов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухІамадгІалиев, школазул директорал ва учительзаби.

Данделъаразе саламги кьун лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухІамадгІалиевас тІадчІей гьабуна гьоркьор лъолел ругел суалазул кІваралде. Совещаниялда балагьиялде росун рукІана: "2020 сонаалда ЕГЭ ва ОГЭязде хІадурлъи», «Киналго лъимал школалде хьвадизари», «Автотранспортазе лицензиял гьари», «ХІинкъи гьечІолъиялъул паспортал гьари»,- гІадал кІвар цІикІкІарал суалал.

ВПРалъул, цІалул хІасилазул бицана байбихьул классазул методист У. ХІасановалъ. Лъай кьеялъул организациязда коррупциялде данде чІеялъул суалгун кІалъана лъай кьеялъул отделалъул хІалтІухъан М-ХІ. ГІабдурахІманов ва райадминистарциялъул юрист У. Бартыханова.

ЦІалул иналъул информационниял алтаздасан къватІибе кьеялъул кІваралъул бицана «Голос гор» сетевияб газеталъул бетІерай редактор М. СултІановалъ.

ТІадеги лъай кьеялъул инвентиризация гьабиялда хурхараб букІана тарбия кьеялъул рахъалъ инструктор-методист З. НурмухІамадовалъул кІалъай.

## Заседание тІобитІана

Дагьал церегІан къоязда «Унсоколо район» МОялда букІана районалъул Общественнияб палатаялъул Советалъул заседание.

Балагьиялде росун рукІана хадусел суалал:

I. Районалда спорталъулгун физическияб культураялъул бугеб хІал. Гьелъул информация кьуна районалъул гІолилазулгун хІалтІи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухІастановас.

2. 2019 сонаалда РДялъул республика цебетІеялъул проекталъул хІалтІи иналда хадуб Общественнияб палатаялъ хал кквей. Проекталда гьорлъ рукІана: «Районалда нухазе ва къватІазе ремонт гьаби», «Росабазул гІадамал качественнияб лъедалъун хьезари». Разе хІисабалде росун руго лъедалъун хьезариялъул 30 точка. Гьел хІалтІабазе тІадеги гІарац биччан букІана республикаялъул бюджеталдасан.

ТІадехун рехсарал суалаздасан кІалъазе вахъана Общественнияб палатаялъул пред. М. ГІабдулаев.

## ТІаде къабул гьаруна



26 ноябралда РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, «Единая Россия» партиялъул рахъалдасан миллатазда гьоркьосеб цолъиялъул, диниябгун общественниял хІалтІабазул рахъалъ член М. МухІмадовас тІаде къабул гьаруна районалъул гІадамал.

БатІи-батІиял росабалъа, батІи-батІиял суалалгун тІаде къабул гьаруна 11 чи. Аслияб къагІидаялъ гІадамазул гьари букІана социалистияб сфераялда, хІалтІудалъун хьезариялда, ракьул участкабазда хурхун документал хІадуриялъе кумек гьабиялда ва цогидалги суалазда хурхун.

Кумек гьарун рачІарал щивасе, законалда рекъон, данчІвлел захІмалъаби рукІалиде ккезаризе рагІи кьуна МухІамад МухІамадовас.

ДандчІваялда гьединго гІахьаллъана «Единая Россия» партиялъул бакІалъулаб отделениялъун нухмалъулев ГІ. Камиловги.

## Гьавураб къо баркана

ХІурматияв МухІамадов МухІамад ГІабдулмажидович!

Районалъул администрациялъул хІалтІухъабазул, Районалъул Собраниялъул депутатазул, Общественнияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъ баркула дуда гьавураб къо!

Мун вуго жакъасеб заманаялъул церетІурал политиказул кьеразулъ, буго Дур мисал босизе мустахІикъаб нахъа тараб гІумродул нух, тІадегІанаб профессионализм. Буго дулъ гьанжесеб заманаялъе жиб чара гьечІого хІажалъулел гІамалал, тІаде кколеб иш цебе бачиналъе пачалихъи яв политикасул бербалагьи. Мун ватІа вахъизе лъала гъваридаблъаялъ, гІуцІарухъанлъиялъулаб бажариялъ, хІасил кьолеб хІалтІиялъ. Районалъул ва ВатІаналъул унго-унгояв патриот хІисабалда, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатасул борч тІубазабулаго Дуда тІаде кколел тІадал ишал бергьенлъиялда тІуразариялъе гьарула Дуе бахилаб сахлъи, рохел, талихІ, цере чІарал масъалаби ва планал гІумроялде рахъинаризе къуват!

**ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**

## Улбузул праздникалда

22 ноябралда Халкъазда гьоркьосеб эбелалъул байрам кІодо гьабуна Унсоколо росулъ бугеб лъималазулгун гІолилазул туризмалъул ва экскурсиязул станциялда. Тадбиралда хІурматиял гьалбалъун рукІана росдал магІишаталъул, цІулада гІарац бекьиялъул, медицинаялъул, педагоглъиялъул, журналистикаялъул ва социалияб сфераялъул цІикІкІарал саназул захІматалъул нух нахъа тарал районалдаса руччаби.




Гьеб къоялъ руччабазда праздник баркизе рачІун рукІана районалул бетІерасул ишал тІуралев ГІ-М. МухІамадов, информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХІайбулаев, районалъул руччаба зул цолъиялъул пред. П. НурмухІамадова, лъай кьеялъул отделалъул хІалтІухъаби.

Руччабазул байрамалда хІисабалде босун букІана «Нилъеца лъимерлъудаса байбихьун херлъизегІан цебе босула гІагарай эбелалъул образ. Гьей йиго кидаго нилъеда тІаса лъугьуней ва нилъее лъикІлъи гьарулей. Гьединлъидал гьей ккола бищунго нилъее хирияй инсан»,- абураб.

Баркиялъул лъикІаб гьаригун кІалъазе рахъана райадминистрациялъул вакил ГІ-М. МухІамадов, СЮТалъул нач. Л. МухІамадов, М-Н. ГІузаиров, П. НурмухІамадова.

Тадбиралда магІнаяб исцинировка бихьизабу на ГІашилтІа школалъул цІалдохъабаз. КучІдуздалъун эбелалда праздник баркана Унсоколо №I школалъул цІалдохъабаз. Гьенибго тадбиралда аслиял хІурматиял гІадамаллъун рукІарал СалихІат МухІамадовалъе, ПатІина Набиевалъе, РахІмат МалламухІамадовалъе, Меседо КъебедмухІамадовалъе, Гулишат МухІамадовалъе къуна «ГІумроялъулъ жигараб гІахьаллъиялъе гІоло» ХІурматиял грамотаби.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 50 (7399)
Хамиз
28 ноябрь 2019 сон



Республикаялъул бюжеталдасан харжал щолезе хIалтIухъ бищун гIодобегIанаб мухъ (МРОТ) цIикIкIинабизе хIисабалде босун буго РДялъул Правительствалъ. Гьедин лъазабулеб буго Правительствалъул председателасул тIоцевесев зам. ХI. ХIусейновас.

2020 соналъул I январалдаса МРОТ бахине буго I2I30 гъурущалде. Цебе гьеб букIана II280 гъурущ. Гьединго харжал цIикIкIине руго батIи-батIияб категория зул, бюджеталдасан гIарац щолел хIалтIухъабазеги.



# «Точка роста» Центр рагьана

Гьал къоязда Унсоколо № I школалда тIобитIана федералияб программаялде гьоркьобе унеб «Современная школа» проекталда хурхун «Точка роста» цифровиябгун гуманитарнияб Центр рагьиялъул тадбир.

Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. ГI. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, школалъул директор М-Р. НурмухIамадов, росдал дибир А. Дахадаев, Дагъистаналъул Муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул районалда вугев нухмалъулев Х. Пайзулаев ва цогидалги.



Тадбир рагьулаго № I школалъул рахъалдасан Л. МухIамадгIалиевасе кьуна Баркалаялъулаб кагъат. Хадуб, гIадат хIисабалда букIана багIараб лента къотIи ва цIалдохъабазул саламалъулаб церерахъин. Гьалбадерида бихьизабуна Централъул 2 класс ва гьел техникаялдалъун хьезарун ругеб куц.

«Точка роста» Центр хьезабун буго кинабго хIажатабщиналдалъун: ноутбуказдалъун, квадрокоптераздалъун, 3D принтераздалъун ва цогидабги жакъасеб техникаялдалъун.

«Точка роста» Централъул нухмалъулев Р. МухIамадовасул рагIабазда рекъон Централъ лъималазе рес кьола жакъасеб качественнияб лъай щвеялъе, кинаб ахIвал-хIалалде кканиги битIараб нух тIаса бищиялъе.

Абизе ккола гьединаб инвестиционнияб проекталъ кIудияб кумек гьабулин росабалъ гIумро гьабун ругел цIалдохъабазе цогидаздаса нахъе ккечIого лъаялъул нухдасан церехун ине.

# Пайдаяб дарс



Гьал къоязда Балахьуни гьоркьохъеб школалда 3 «а» классалда, кьоло цо соналъул педагогияб стаж ва хIалтIул лъикIаб хIалбихьи бугей мугIалим Марина МухIамадовалъ жакъасел тIалабазул технологияги хIалтIизабун «Юный пешеход» абураб темаялда кьураб рагьараб дарс букIана цIалдохъабазе цIикIкIараб пайда бугеб. Гьеб дарсидасан лъималазда лъана нухазда рукIунел батIи-батIиял гIаламатазул хIакъалъулъ. «Нух къотIун унаго лъелго хьвадулез нухазда хьвадиялъул кагъидаби дурусго цIунулел ругони нухазда талихIкъосарал ишал ккей дагьлъизе руго»,- ян бицана учительницаялъ. Классалъул цIалдохъабиги кIиго къокъаялде рикьун («Светофорик» ва «Зебра») мугIалималъ гьезие кьолел рукIана батIи-батIиял тIадкъаял, гьабуна викторина ва хIана сценка (сураталда). ЦIалдохъабаз цIалана кучIдул ва рицана нухазда хьвадиялда хурхарал кицаби ва абиял.

Рагьараб дарс лъималазе пайдаяб кагъидаялъ ана.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

**Сураталда: сценка хIалеб лахIзат.**

# Подпискадул суалгун



Дагъал церегIан къоязда букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI-М. МухIамадовасул, Шамильхъалаялъул почтамталъул нач. ИсмагIиловасулгун дандчIвай. Гьединго дандчIваялда гIахьаллъана МБУ ЕЭСалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, финотделалъул нач. Ж. Шамсудинов ва Общественнияб палатаялъул председателасул зам. ХI. МухIамадзагьидов.

Районалъул «Ахихъан» газетаялъе подписка гьабиялъул бицана почтамталъул начальник М. ИсмагIиловас. РакIалде щвезабилин районалда аслияб информационнияб алатлъун ккола «Ахихъан» газета. Гьелъие подписка гьаби унеб буго 20I9 соналъул I октябралдаса бахъараб. Гьелъие хIажат буго нужер рахъаласан административияб кумек,-ян абуна М. ИсмагIилловас. ГI-М. МухIамадовас рагIи кьуна кIвараб кумек гьабизе. Гьединго росабазул бутIрузда, цIалул заведениязул, учреждениял-организациязул нухмалъулезда тIадкъана подписка гьабиялъе кIвараб кумек гьабизе.

# Ихтияразул бицана

20 ноябралда районалда тIобитIана лъималазул ихтиярал цIуниялъул Къоялда хурхараб тадбир. Гьеб къо рикIкIуна ТIолгороссиялъул лъималазул ихтиярал цIуниялъул Къолъун. «Унсоколо район» МОялда гьелда хурхун букIана гIадамал тIаде къабул гьари. Цере лъуна лъималазул ихтиярал ва жалго гьел цIуниялда хурхарал гIемерал суалал. ГIашилтIа ва ХьахIабросо росабазул гIадамал тIаде къабул гьаруна саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул вед. специалист ва КДНиЗЛалъул жавабияй секретарь П. НурмухIамадовалъ.



Лъимал-бесдалазе, хьихьизе чи гьечIого хутIаразе, къайимлъиялде ккаразе пайда цIикIкIараб малъа-хъваял щвана гьеб къоялъ. Гьединал малъа-хъвазда гьоркьор рукIана: жанир чIезе бакIал щвеялъул мурадалда учеталда лъей, рукъ ккуразе арендаялъул гIарац щвей, ккураб рукъалъухъ налъи бецIи. Гьел темабазда хурхун кIалъана къайимлъиялде ккаразулгун хIалтIи гьабиялъул хъулухъалъул специалист К. МухIамадгIалиев. Гьел суалалгун рачIун рукIана Шамилхъала поселокалдаса, ХьахIабросо, Майданское, Рихьуни росабалъа гIадамал. Специалистазул малъа-хъваяздаса ва рихьизариялдаса разиго хутIана кумек гьарун рачIарал.

Санazде рахинчIезул ихтиярал ва законниял интересал цIуниялъул суалалгун гIадамал тIаде къабул гьаруна «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул юрист У. Бартыхановалъ. ГIумруялъул нухда захIматаб ахIвал-хIалалда ругел лъималазе, гьединго лъимал гIемерал хъизаназе ругел ихтияразул бицараб консультация гьабуна ГБУ РД КЦСОНалъул начальник ГI. Гьиматовалъ.

«Права ребенка и права человека-глазами ребенка»,- абураб суратал рахъиялъул конкурс тIобитIана ГБУ РД КЦСОНалъул воспитатель П. ГIабдулхIакимовалъ.

Ахихъан

Районалъул газета
№ 50 (7399)
Хамиз
28 ноябрь 2019 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере



# Объявление

### Приглашение на практический семинар «Контроль за внедрением профессиональных стандартов в 2020 году. Практические рекомендации по применению»

До 1 января 2020 года должна быть завершена реализация мероприятий по организации применения профессиональных стандартов в государственных или муниципальных учреждениях, корпорациях, компаниях и хозяйственных обществ, более пятидесяти процентов акций (долей) в уставном капитале которых находится в государственной собственности или муниципальной собственности. Данные требования установлены пунктом 2 Постановления Правительства РФ от 27.06.2016. В связи с высокой актуальностью тем, связанных с порядком внедрения и применения профессиональных стандартов, приглашают принять участие во Всероссийском практическом семинаре «Контроль за внедрением профессиональных стандартов в 2020 году. Практические рекомендации по применению», который состоится в г. Москва 12-13 декабря 2019 года.

В ходе семинара будут рассмотрены особенности перехода на профстандарты в государственных и муниципальных учреждениях. Особое внимание будет уделено рассмотрению этапов внедрения профессиональных стандартов, порядку подготовки и проведения аттестации, обучения и способам определения соответствия работников профессиональным стандартам.

Экспертами будут подробно освещены права и обязанности работодателя и работника при применении требований профстандартов к квалификации, а также вопросы ответственности за несоблюдение требований профессиональных стандартов, установленных законодательством.

В работе семинара примут участие представители Министерства науки и высшего образования Российской Федерации, представители Министерства труда и социальной защиты Российской Федерации, а также все заинтересованные лица.

Мероприятие будет проходить 12-13 декабря 2019 г. в конгресс-центре гостиничного комплекса «Измайлово» по адресу: г. Москва. Измайловское шоссе, д. 71 (проезд: ст. «Партизанская»).

О положительном решении принять участие в семинаре сообщить по тел: **8 (965) 186-79-69.**

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Утерян сертификат, на имя Исаевой Муслимат Курбановой, выданный 7 декабря 2018г., № 129, серии МК 11 № 0450930 Унцукульским ОУ ФМС по РД. Сертификат с сегодняшнего дня считается недействительным.**

# Магомед Магомедалиев: «Финансовая неграмотность и незнание – вот основные причины неплатежей физических лиц»



**Налоговая служба – это не тот орган, который деньги приносит, а тот, который их забирает. Тем не менее, все мы понимаем, что деятельность по пополнению бюджета определённо играет важнейшую роль в жизнедеятельности любого государства и в том числе района.**

**В преддверии праздника состоялось интервью с заместителем начальника Межрайонной инспекции ФНС России №10 с Магомедом Магомедалиевым.**

**- Магомед Магомедалиевич, расскажите какова сегодняшняя структура инспекции, из каких отделов она состоит, чем они занимаются?**

Добрый день. Наша инспекция состоит из восьми отделов, работу трех из них курирую я – аналитического отдела, отдела информационных технологий и отдела учета и работы с налогоплательщиками. Обслуживаем мы не только налогоплательщиков Унцукульского района, но и еще семи горных районов: Гергебильского, Гунибского, Чародинского, Шамильского, Хунзахского, Тляратинского и Цунтинского, а также Бежтинского участка. Основной задачей не только курируемых мной, но и всех отделов инспекции является обеспечение эффективной контрольно-надзорной деятельности и высокое качества предоставляемых услуг для законного, прозрачного и комфортного ведения бизнеса, обеспечения соблюдения прав налогоплательщиков и формирования финансовой основы деятельности государства.

**- В свои молодые годы вы первоклассный специалист и незаменимый сотрудник инспекции, можете поделиться вашим опытом?**

Прошло чуть больше шести лет, как я начал работать в налоговой службе, так что опыта у меня не так уж и много. По образованию я математик – программист. На работу в налоговую службу попал непредвиденно, еще когда получал второе высшее образование. Т.к. Федеральная налоговая служба является передовым ведомством в Российской Федерации в плане разработки и внедрения электронных сервисов, то мои навыки оказались здесь востребованы.

**- Переходя к вопросам о работе хотелось бы отметить о современных технологиях, которые внедряются в нашу и повседневную и профессиональную жизнь, позволяют нам экономить и свое личное и профессиональное время, облегчают жизнь. Как новые технологии отражаются на деятельности ваших клиентов - налогоплательщиков?**

-Мы с вами живем в веке информационных технологий и наша жизнь немыслима без гаджетов и интернета. Федеральная налоговая служба уже несколько лет занимается цифровизацией и на сегодняшний день на сайте налоговой службы функционируют более 50 интерактивных сервисов для налогоплательщиков. Любой гражданин, используя личный кабинет физического лица через сайт или приложение на мобильном телефоне, может получить всю необходимую информацию и оплатить налоги в один клик. Зарегистрироваться и вести свой бизнес можно электронно и ни разу не посетив инспекцию. Это очень удобно и экономит наше с вами время.

В этом году налоговая служба также завершает переход на автоматизированную информационную систему нового поколения «Налог – 3» (АИС «Налог – 3»), что позволит значительно улучшить качество налогового администрирования обслуживания налогоплательщиков. Этой системе нет аналогов в мире. АСК НДС-2, онлайн-кассовая техника, система маркировки товаров - вот лишь немногие примеры того, как налоговая служба извлекает преимущества из цифровых технологий, новых потоков данных и интернета вещей. Эти системы приближают нас к налоговому администрированию в режиме реального времени, что сделает исполнение налоговых обязательств незаметным для налогоплательщика.

**- А как, все-таки, собираются налоги, сколько их собрано и какие виды, например за этот уходящий 2019 год?**

Конечно, основной результат работы инспекции – это поступление денег в бюджет. За 10 месяцев 2019 года общий объем поступлений налогов и сборов от налогоплательщиков, состоящих на налоговом администрировании в Инспекции, в консолидированный бюджет Российской Федерации (включая страховые взносы на обязательное страхование) составил 2 385 млн. руб., из которых в федеральный бюджет поступило 267 млн. р., в бюджет республики Дагестан 446 млн. р., в местные бюджеты 477 млн. р., в фонды обязательного страхования 1 195 млн. р. В бюджет Унцукульского района за 10 месяцев этого года поступило 64 млн. р., что на 5 млн. р., или 8,4% больше поступлений аналогичного периода прошлого года. Львиная доля поступлений в бюджет района приходится на НДФЛ.

**- Не секрет, что не все налогоплательщики своевременно и в полном объеме уплачивают налоги. В силу разных причин: объективные экономические трудности, профессиональная недобросовестность, есть, наверно, и сознательно идущие на налоговые правонарушения. Что бы вы могли сказать по этому поводу?**

Нарушителей, конечно же, хватает. Что я могу сказать по этому поводу? Скажу, что с налоговой службой сегодня лучше все же дружить. Сознательно идущих на налоговые правонарушения сегодня очень мало. Наличие квалифицированных сотрудников и использование современных информационных ресурсов позволяет нам выявлять нарушителей очень быстро. Финансовая неграмотность и незнание – вот основные причины неплатежей физических лиц. Нами постоянно проводятся информационные кампании, дни открытых дверей, рейдовые мероприятия, направляются уведомления, но многие до сих пор не знают, что они должны уплатить налоги за имущество, которое у них есть. Пользуясь случаем, хочу сообщить, что срок уплаты имущественных налогов за 2018 год истекает 2 декабря, и призываю всех оплатить налоги до этого срока, а также погасить задолженности за предыдущие года. Оплаченные налоги идут в бюджет вашего села, района, республики. За счет них происходит финансирование детских садов, школ, строительство и ремонт дорог.

**- Последний вопрос, чтобы вы хотели пожелать в день налогового инспектора своим коллегам и ветеранам налоговой службы?**

-В канун профессионального праздника хочу поблагодарить коллег за добросовестный труд и ответственное выполнение служебных обязанностей. Особые слова благодарности хочу выразить нашим ветеранам, чей профессиональный опыт востребован и сегодня. Значимость работы налоговой службы и ее сотрудников трудно переоценить. Важную роль в достижении поставленных перед нами задач играет коллектив, уважение к людям, с которыми работаете, объективная оценка их труда и умение спросить и поощрить. Всех коллег поздравляю с профессиональным праздником, желаю крепкого здоровья, счастья, семейного благополучия и успешной работы на благо села, района, республики Дагестан и России.

**Спасибо за беседу.**

- И вам большое спасибо за интересные ответы. Мы поздравляем вас с Днём работника налоговых органов России. Желаем несомненной удачи и успехов на работе, стабильной деятельности и большого уважения, верных решений и блестящих перспектив в жизни, личного счастья и достатка.

ХIакъикъияб, божизе захIматаб

# Аварагасул (с.т.гI.в.) рас-имамзабазул росулъ

М-С. ГIАБДУЛАЕВ -Генуб росдал музеялъул архивалдаса



XX-леб гIасруялъул ахиралдаги рукIана гьеб бихьарал, гьелъие нугIзаллъунги рукIарал чагIи. Гьаб хабар цIакъ бицине бокьулаан росулъ вукIарав махщалилав, жиндир кверазулъ камураб гьунарги гьечIев, меседилал кверазул устар, Рамазан-хIажиясда хьолбохъаса ватIалъичIев. гьесул мурид ЖабрагIил-хIажиясе. ЖабрагIилхIажиясул минаялъув рукъалъ вукIун вуго цо къватIиса гьобол. Гьев вукIана ГIабдулагь-хIажияв устарасул муридги. Гьев гьоболас биցаниланги абун ЖабрагIилхIажияс цIакъ гъираялда бицунаан гьадин. -Цо нухалдаги жидеда бихьулаго кканилан бицунеб рагIана гьес, гьебго къагIидалъ кирго халичабиги тIамун, росулъ ругелщиналги, тIаде рач1арал гьалбалги рукIанила зияраталде щвезегIан руссун, борхатаб, берцинаб гьаракьалъ свалатги букIанила киназго цо чияс гIадин ахIун бачунеб. Рокъоса бахъараб чодаги рекIун, ботIрода тIад ккун рас жаниб бугеб гъамасгун, цIияб ретIелги ретIун вачIанила ХIайбуллагь зияраталде щвезегIан халичабазда тIасан. Гьениб ахиралда халича гIун гьечIоан. Гьениве щварабго ХIайбуллагьица чу лъалхъинабунила, чол хIетIе гIодоб хъвазе бокьичIого, гьеб бичIчIарав генусес векерунги ун жиндаго тIад букIараб чухъа бахъун тIамуна гьениб гIодоб, чу дагьаб цебегIанги билъун лъалхъана. Цинги ХIайбуллагь чотIаса гIодовеги лъугьун, босун гьеб расгун зияраталда жаниве лъугьун ана. Гьениб заманги бан къватIиве вачIуна гьев, жинца гъоб рас, гъоба жаниб ракьулъ букъанинги абун. ЦебегIадин гьеб бихьизе гIадамалги риччачIила, гьеб бакIалда къулгьуги гьабун гIадамалги нахъ руссанила-ян.

ГIемер заманго инчIого ХIайбуллагьги ккана репрессиялъул цIал щвараздa гъорлъе. Нажмудин имамасул штабалъул член хIисабалда чIвана гьевги. Гьелдаса нахъе гьеб рас къватIибе баккичIо, гьелъул къисматги гIадамазда дагь-дагьккун кIочон тана. ХIайбуллагьида гурони лъалароан гьеб, гьедин Аллагьасул маслахIат букIун бугила гьелъие-ян.

Шарапудин устарасул амру букIун буго, щиб кканиги гьеб рас Генуса къватIибе босугеян абураб. Генуб хабарги тIобитIана: ХIайбуллагьица живго кквезехъин вукIин бичIчIидал бугила гьеб киназдагоги бихьиледухъ устарасул зияраталда букъараб абун. Гьелъие гIиллаги букIана гьеб бугеб бакI лъани, хIукуматалъ тIагIинабулин, лъиданиги гьелъул хIакъалълъ лъалароян аби. ГIадамал гьелда божунги рукIана, амма хIакъикъаталда щиб гьеб расул ккарабали лъалеб букIинчIо. Гьеб букIун буго цодагьалго, божилъи бугел, устарасул мадрасаялъул чIахIиял гIалимзабазги дандбан гьабураб иш.

**Рас цIунун бугеб сипат-сурат**

Рас цIунун буго гургинаб, чIинтIараб формаялъул, I0 см. бугеб гIадаб цIорол шишаялъуб. Гьелъул кIалтIукьурулеб рахъалъ, кIалтIуялда жанибеги ккезабун лъун буго хIедул чирахъ гIадаб жо, гьеб хIедул чирахъалда тIогьиб къазабураб гIочIода тIогьиб щула гьабун буго баракатаб, хирияв хIабибасул рас. Цодагьаб аскIобегIан босун балагьарасда бихьула гьеб. Гьеб расуда цадахъго бачIун буго, хирияв хIабиб МухIамадил (с.т.гI.в) ясалъул вас ХIасанил (р.гI) халгIаталъул кесекги. Гьеб жаниб жемун рачIун рукIарал лъабго ххамги буго жегиги гьебги жемун цадахъ. Анибе щведал щибаб соналъ тIаде- тIаде цIикIкIине гьабун жемун буго гIурччинаб ххам, кIикъогоялде щвезегIан. ГьабсагIаталдаги гьеб рас жаниб бугеб шишаялда тIад жемун букIуна кIикъого ххам.

Гьебги лъун буго, добасаго бачIараб 30x40 см. бугеб цIулал гъамасалда жаниб. Гьеб гъамасги лъун буго берцинго къачIараб гIурччинаб бухчаялда жаниб. Гьеб кинабго цIунун буго гьабсагIаталда, гьезул наслуялъул чи ХIайбуллагьица.

Гендерил чIахIиял гIалимзабазги дандбан ГIабдуллагь-хIажиясул зияраталда ГъазимухIамадил ХIайбуллагьица, гIадамаздаги бихьулаго, гьениб букъанин абун хабар тIибитIизараб гьеб рас, цодагьаб мехалъги тун, ХIайбуллагьица жиндирго масжидалда цебе бугел рукъзабахъе босун буго. Гьениб нахъа рокъоб лъидаго батулареб куцалъ бахчун буго. Нахъа рокъобе нуцIа бугеб бакIалда как балеб жоялдаги гIодойчIун кидаго гьеб расул адаб цIунун Къуръан цIалулей ХIайбуллагьил хъизанги йикIунаанила.

Гьедин цIунун букIанила гьеб рас I96I соналде щвезегIан гьеб бакIалда.

Гьеб гIадамазда лъазехъин букIун, гьеб соналъ, гьениса нахъе босун цойги цIунараб бакIалда лъун буго.

Гьенисаги, 70- леб соналъ дунялги багъарун, гьеб мохъги тезе кколеб букIун, гьениса Билил АгIил Хадижатица жиндирго минаялъубе босун буго. Гьелъги ясалъги, рокъор ругеб заман, гьеб расалъул адабги гьабун, Къуръан цIалулаго тIобитIулаанила. Жалго регIулел гьечIони, радиоялъусан биччалаанила Къуръан.



I986-леб соналда, гьелъул вац МухIамадица нахъе босун, цойги гIадамазда лъалареб бакIалде цIунизе босана гьеб.

Аварагасул (с.гI.в.) асаразде гIадамазул интерес цIикIкIине лъугьана, коммунизмаялъул «маххулаб занавес» биххун хадуб.

90-лел соназда загьирлъизе байбихьана ислам, рагьизе лъугьана мажгитал, мадрасаби, исламалъул централ. Исламалъул къимат кибго цебетIезе байбихьана. Къечараб мехалда лъим балагьулеб гIадин, жидеего хвасарлъи тIалаб гьабизе лъугьана гIадамал исламалдасан.

I995 соналда, Турциялдаса бачIана ХIабибасул (с.гI.в) рас нилъее баракаталъе, бихьизе босун. Гьеб рас щвана Дагъистаналъул шагьаразде гуребги цоги-цогиял шагьараздеги. Щвана гьеб хирияб рас Генуб росулъеги. Гендерица гьеб, хирияб гIидалъул къо гIадин къабул гьабуна. ГъазимухIамад имамасго къачIараб кIудияб мажгиталъуб лъун гьебгун, бихьизе хьвадана росулъ чиго хутIарабдаян ккараб куцалъ бихьиналги, руччабиги, лъималги, хIатта Рихьуни ГЭС балеб бакIалда рукIаралгицин рачIана. Гьеб хутIана киназего гIумруялда жаниб ракIалдаса унареб лъугьа- бахъинлъун.

Гьелдаса хадуб къватIиб загьирлъизе лъугьана Гендерил «жавгьарги». ТIоцебе гьеб гендерил жавгьар къватIибе бахъун мавлид ахIизе рачIарал цодагьалго чагIазда бихьизабун буго I989 соналъ.

I995 - соналъ рагIун гьебгун къватIиса рачIарал гьалбадерида бихьизабун буго Рамазан-хIажиясулги, росдал бегавул ГIабдулагьилги гьариялда рекъон.

2000 соналдаса бахъараб, щибаб соналъ, кIалбиччан гIидалъул къоялъги, хирияв хIабиб гьавураб моцIалъ росдал мавлид бугеб къоялъги, гьеб баракатаб хирияб жавгьар, бихьизеги - хъвазеги бокьарав чиясе баракаталъе ХIайбулагьица кIудияб мажгиталде бачIуна.


**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**398940**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**51373**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 27. 11. 2019 г. 15: 40
фактически -16:10 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.